ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

# HAYWANAT HAQQÍNDA ERTEKLERDE FRAZEOLOGIZMLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ

***Minayım Begmanova** – QMU, Lingvistika(qaraqalpaq tili) 1-kurs magistrantı*

**Annotaciya**: Bul maqalamızda haywanat erteklerinde qollanılǵan frazeologizmlerdiń semantikalıq birigiwshiligi boyınsha túrleri kórip shıǵıldı.

**Gilt sózler:** ertek, frazeologizm, frazeologiyalıq ótlesiw, frazeologiyalıq birlik, frazeologiyalıq dizbek.

Frazeologiyalıq sóz dizbekleri tilimizde neshe ásirlerden berli bar bolıp esaplanadı. Sonlıqtanda olardı folklor tilinde de ushıratıwımız múmkin. Qaraqalpaq til biliminde frazeologizmler boyınsha birqansha arnawlı izertew jumısları alıp barıldı. Olarda xalıq awızeki dóretpeleri hám jazıwshı-shayırlardıń shıǵarmalarında qollanılǵan frazeologizmlerdiń áhmiyetli máseleleri sóz etilgen. Eń dáslep E. Berdimuratov[1] frazeologizmlerdi óz miynetinde azlı-kemli atap ótedi. Qaraqalpaq tilindegi frazeologizmler sózliginiń dúziliwi turaqlı sóz dizbeklerin úyreniw barısında áhmiyetli qadem boladı. Usı baǵdarda J.Eshbaev tárepinen islengen frazeologiyalıq sózlik islep shıǵılǵan bolsa [2], frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń sózliklerde beriliwi, olardıń awdarması máselesi S.T.Nawrızbaevanıń miynetinde [3] berilgen. Al, qaraqalpaq tilindegi teńles eki komponentli frazeologizmler G.Aynazarova [4] tárepinen arnawlı izertlendi. Keyingi dáwirde J. Táńirbergenov[5], G.Allambergenovalar[6] usı tarawda ilimiy jumıs alıp barǵan.

**Frazeologiyalıq ótlesiwler** - bul frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń ishindegi ayrıqsha bir toparın quraydı. Olar heshqanday bóleklerge bóliwge bolmaytuǵın, quramındaǵı komponentleri óziniń tiykarǵı leksikalıq mánisin derlik joytıp jibergen sóz dizbekleri[1:138]. Haywanat baylanıslı erteklerinde bunday ótlesken frazeologizmler siyrek ushrasadı. Sebebi erteklerdiń tili balalar ushın jeńil bolǵanlıqtan bunday quramalı frazeologizmler ushraspaydı. Mısalı: Awızbirshiligi arqasında tóppelegish tórtewdiń *muradı murt boldı* [8:417]. *Muradı murt bolıw* - maqsetine jetisiw, maqsetine erisiw. Bul frazeologizmniń quramlıq bóleklerinde "murat", "murt" "bolıw" sózlerinen turıwın kóremiz. Eshek uzaqtan jolbarıstıń qasqırdı ertip kiyatırǵanın kórip, olar jaqınlaǵanda sonday etip ańqırıptı, onıń dawısınan ana ekewine *tıshqan tesigi mıń teńge bolıptı*[8:420]. *Tıshqan tesigi mıń teńge bolıw* - qorqıw, albıraw. Bul frazeologizmniń de quramlıq

ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

bólekleri bir-birinen ajıralmas hám tiykarǵı mánige jaqınlamaydı. Sonlıqtan da olar frazeologiyalıq ótlesiwge mısal bola aladı.

**Frazeologiyalıq birlikler** - bul frazeologiyalıq ótlesiwlerge qaraǵanda biraz jumsarǵan sóz dizbekleri. Eger frazeologiyalıq ótlesiwdi quraytuǵın komponentlerdiń mánileri pútin sóz dizbegi ańlatatuǵın mániden birotala alıs, heshqanday jaqınlaspaytuǵın bolsa, frazeologiyalıq birliklerde ayırım komponentler ulıwma pútin mánige jaqın keledi [8:140]. Haywanat erteklerde frazeologizmniń bul túri biraz kóbirek ushrasadı. Mısalı: Sóytip júre beredi, olar ábden semiredi, bir kúnleri *ishleri pisiw*ge qaraydı[8:424]. *Ishi pisiw* - zerigiw. Frazeologizm "ish" hám "pisiw" bóleklerinen turadı, ótlesiwge qaraǵanda biraz jumsarǵan. Mánisin shaǵıw ańsatıraq. Quw túlki bul sumlıqtıń ótpegenine *pánt jew*i menen qıraǵı qırǵawıllardan uzaqlasa berdi[8:420]. *Pánt jew* - aldanıw. "Pánt" hám "jew" bóleklerinen turıwshı bul frazeologizm mánisin birinshi "pánt" sózi arqalı ańlasaq boladı. Sonıń menen *paymanası tolǵan* ash túlki qolǵa túsip qala beredi, al ashkóz túlki quwlıǵın ashıp qáwipten qutılıp ketti [8:417]. Paymanası tolıw - óliw. Bul frazeologizmniń de mánisi quramlıq bóleklerine sál bolsa da jaqın, sonlıqtan mánisin anıqlay alamız.

Kesh jaqınlaǵanda *silesi qurıp sharshap,* toǵaydıń ishindegi bir túp torańǵıldıń túbine kelip toqtadı[420]. Tawıq hám qozılardıń maylı, mazalı góshleri haqqında esitip *awzınan silekeyi shubırıp turǵan* ashqursaq túlki ashkóz túlkiniń tez arada sol mol-molaqay jerge ertip barıwın sorana beripti [8:417]. Frazeoligiyalıq birliklerge mısal bola alatuǵın silesi qurıw, awzınan silekeyi shubırıw frazeologizmler teńdey túsinikli bolǵanı menen, quramalı forması hám kúshli ekspressivlik mánisi menen ajıralıp turadı.

**Frazeologiyalıq dizbek -** qaraqalpaq tilinde quramlıq komponentleriniń jeke mánileri júda anıq, ulıwma mánige tikkeley baylanıslı, solay da turaqlı sıpatqa iye sóz dizbekleriniń túrine frazeologiyalıq dizbekler deymiz. Frazeologiyalıq dizbekler de frazeologiyalıq sóz dizbekleriniń basqa túrleri uqsap, kóbinese obrazlılıqqa hám mánilik ótkirlikke iye bolıp keledi[8:143]. Haywanat erteklerinde bunday frazeologizmler kópshilikti quraydı. Olardı mısallar arqalı kórip shıqsaq: Sol-sol eken, qoraz, teke hám ógiz úshewi qáwip-qáterden qutılıp, janları aman qalıptı [8:419]. Olar ketkennen keyin eshek ornınan turıp olardıń artınan qara kórim jerde júre beredi [8:428]. Túlki abaysızdan qasqırdıń *qolına túsipti* [8:427]. -Endi qáytip ol úyge altın berse de barmayman, - dep *zar eńirey berdi* [8:417]. Joqarıda keltirilgen *janı aman qalıw, qara kórim jer, qolına túsiw, zar eńirew* frazeologizmleriniń mánisi anıq kózge taslanadı. Quramında mazmunǵa qatnası joq sózler ya bolmasa mánisin anıqlaw qıyın bolǵan sózler qatnaspaǵan.

E. Berdimuratov [1:137] óz miynetinde "frazeologiyalıq sózler" atamasın qollanadı. Al sózlik dúziwshi J. Eshbaev [2:8] bolsa bul túrdi qospay, úshke bólip qaraǵan. Sebebi

ISSN: 3060-4737 Volume 2, Issue 12 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

frazeologiyalıq sózler tildiń naqıl-naqallar qatlamın da óz ishine alǵan. Házirgi qaraqalpaq tilinde naqıl-maqallar tildiń paramialogiya bóliminde úyreniledi.

Juwmaqlap aytqanda, ertekler tilinde de frazeologizmler jiyi ushrasadı. Joqarıda olardıń semantikalıq birigiwsheńligi boyınsha túrlerin tallap óttik. Sonda da frazeologizmlerdiń arasına bunday qatań shegara qoyıw qıyın. Sebebi frazeolgizmler tildiń ózgeshe boyawlarǵa, emocianal-ekspressivlikke iye bólegi esaplanadı. Olar tildiń biybaha baylıǵı. Sonlıqtan olardı bir-birinen ayırıw ańsat emes. Bunday frazeologizmlerdiń túrleri folklor tiliniń baylıǵın bildiredi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Бердимуратов. Е. Ҳәзирги қарақалпақ әдебий тили. Лексикология. - Нөкис: "Қарақалпақстан", 1994.

2. Ешбаев Ж. Қарақалпақ тилиниң қысқаша фразеологиялық сөзлиги. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1985

3. Наўрызбаева С.Т. Типы именных фразеологических единиц каракалпакского языка и их отражение в каракалпакско-русском словаре: Автореф. дисс… канд. филол. наук. –Москва, 1967

4. Aynazarova G. Qaraqalpaq tilinde teńles eki komponentli frazeologizmler. Monografiya. Nókis. «Qaraqalpaqstan», 2020-jıl

5. Tańirbergenov J. Qaraqalpaq tilindegi feyil frazeologizmler. Nókis; «Ilimpaz» baspası, 2021-jıl.

6. Алламбергенова Г. И. Юсупов асарларида фразеологизмларнинг услубий қулланиши. Филол.ф.буйича фалсафа доктори. (PhD). дисс. автореферати. – Нукус, 2019.

7. Aynazarova G., Atabaeva G. Qaraqalpaq tilinde sanlıqlar menen kelgen frazeologizmler sózligi. –Nókis, «ILIMPAZ» baspası, 2023

8. Қарақалпақ фольклоры. Көп томлық. 67–76-томлар. – Нөкис: «Ilim», 2014.